# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–07 नवम्बर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली में राष्ट्रीय गीति 'वंदे मातरम' क डेढ़ सौ सालि पूरा भइले के उपलक्ष्य में एक बरिस ले चले वाला स्मरण उत्सव क उद्घाटन कइलें। प्रधानमंत्री येह मौका पर एगो स्मारक डाक टिकट आ सिक्का जारी कइलें। उहां के वंदेमातरम वन फिफ्टी डॉट इन पोर्टलो जारी कइलीं। एहमें लोगि राष्ट्रीय गीति गावत आपन वीडियो डारि के प्रमाण पत्र पा सके लें। नई दिल्ली के इंदिरा गांधी इंडोर स्टेडियम में आयोजित समारोह के सम्बोधित करत प्रधानमंत्री कहलें कि वंदे मातरम एगो मंत्र, एगो ऊर्जा, एगो सपना अउर एगो संकल्प हौ।

**वंदे मातरम का मूल भाव है। भारत मां भारती भारत की शाश्वत संकल्पना वह संकल्पना जिसने मानवता के प्रथम पहर से खुद को गढना शुरू कर दिया जिसने युगों–युगों को एक–एक अध्याय के रूप में पढ़ा शून्य से शिखर तक उनकी यात्रा और शिखर से पुनः शून्य में उनका विलय भारत ने यह सब कुछ देखा है।**

**********

राष्ट्रगीत वंदे मातरम क एक सौ पचास बरिस पूरा भइले के उपलक्ष्य में आजु प्रदेस के सज्जो जिलन में तरह–तरह क आयोजन कइल गइल। कई जगहिनि पर वंदे मातरम क सामूहिक गाना गावल गइल आ स्वदेसी अपनवले क संकल्प लिहल गइल। मुख्य आयोजन लखनऊ के लोक भवन में भइल। ओइजा मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकारियन अउर करमचारियन के साथे राष्ट्रगीति गवलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि राष्ट्रगीति वंदे मातरम भारत क भक्ति आ सक्ति क सामूहिक आ सास्वत अभिव्यक्ति क स्वरूप हौ। ई गीति भारत के स्वतंत्रता आन्दोलन क अमर मंत्र रहल। येह मौका पर मुख्यमंत्री संस्कृति विभाग की ओरि से लगावल गइल परदरसनियो देखलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु बनारस पहुंचि गइल हवें। उहां के बनारस रेल इंजन कारखाना परिसर के अतिथिगृह में राति बिसराम करबि। श्री मोदी बिहने भिन्नहीं बनारस–खजुराहो, लखनऊ–सहारनपुर के सथहीं चारि गो वंदे भारत ट्रेन के हरियर झंडी देखइहें। येह मौका पर रेल आ सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव आ मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो मौजूद रहिहें। एगो रिपोर्ट–

**प्रधानमंत्री कल बनारस–खजुराहो वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन को हरी झंडी दिखाकर रवाना करेंगे। इसके अलावा वह लखनऊ–सहारनपुर, फिरोजपुर–दिल्ली और एर्नाकुलम–बेंगलुरु वंदे भारत एक्सप्रेस ट्रेन का वर्चुअल माध्यम से उद्घाटन करेंगे। बनारस–खजुराहो वंदे भारत एक्सप्रेस इस रूट पर सीधी कनेक्टिविटी प्रदान करेगी और मौजूदा समय में चल रही विशेष ट्रेनों की तुलना में लगभग 2 घंटे 40 मिनट की बचत करेगी। यह वंदे भारत एक्सप्रेस देश के सबसे प्रतिष्ठित धार्मिक और सांस्कृतिक स्थानों जैसे वाराणसी, प्रयागराज, चित्रकूट और खजुराहो को जोड़ेगी। वहीं, लखनऊ–सहारनपुर वंदे भारत एक्सप्रेस लगभग 7 घंटे 45 मिनट में यात्रा पूरी करेगी, जिससे यात्रा समय में लगभग 1 घंटे की बचत होगी। इस ट्रेन से लखनऊ, सीतापुर, शाहजहांपुर, बरेली, मुरादाबाद, बिजनौर और सहारनपुर के यात्रियों को फायदा पहुंचेगा। मनीष सिंह के साथ प्रेम चन्द्र गुप्ता, आकाशवाणी समाचार वाराणसी।**

**********

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा प्रदेस के सज्जो मतदाता लोगिन से बिसेस प्रगाढ़ पुनरीक्षण–एसआईआर अभियान में सक्रिय भागीदारी क निहोरा कइले हवें। उहां के हर मतदाता से बूथ लेवल अधिकारी–बीएलओ के ओरि से दीहल गइल गणना फार्म के धियान से पढ़ले, भरले आ दस्खति के साथे बीएलओ के वापिस करे के कहलीं।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार बाइस सितंबर के जीएसटी बचत उत्सव सुरू कइले रहल, जेहमें कई क्षेत्रन में जीएसटी दर में कमी से देस भर के लोगिन के फायदा भइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**नए जीएसटी सुधारों के तहत टैक्स कटौती से पर्यटन क्षेत्र को काफी राहत मिली है। सात हजार पांच सौ रूपये प्रति रात्रि से कम किराए वाले होटलों में ठहरने पर जीएसटी बारह प्रतिशत से घटाकर पांच प्रतिशत कर दिया गया है, जिससे आवास अधिक सुलभ हो गए हैं। करों की दर में इस कमी से मध्यम वर्ग और बजट यात्रियों के लिए होटल सस्ते हो गए हैं तथा अंतरराष्ट्रीय पर्यटकों के लिए भारत के प्रति आकर्षण को बढ़ावा मिल रहा है। होटल और होम स्टे में भी निवेश प्रोत्साहित हुआ है, रोजगार सृजन हुआ है, और स्थानीय बुनियादी ढांचों में सुधार आ रहा है। दूसरी ओर, दस से अधिक व्यक्तियों की बैठने की क्षमता वाले बसों पर भी टैक्स घटाकर अठारह प्रतिशत कर दिया गया है, जिससे सार्वजनिक परिवहन लागत में कमी आई है। रिशू जायसवाल के साथ आदर्श, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी इलाकन में बिहने भिन्नहीं हल्लुक से ले के मध्यम कुहेसा क सम्भावना जतवले बा। विभाग के हिसाबि से तेरह नवंबर ले प्रदेस भर में मौसम सुस्क रही। सथहीं आवे वाला चउबीस घंटा में अधिकतम तापमान में दुइ डिगिरी सेल्सियस क मामूली गिरावटो क पूर्वानुमान बा।

**********